**दिन–शनिवार** **दिनांक–04.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन शिक्षा के परिवर्तनकारी शक्ति आ विकसित भारतक यात्रा मे एकर महत्त्वपूर्ण भूमिका पर जोर देलनि अछि। श्री राधाकृष्णन मोतिहारी स्थित महात्मा गांधी केन्द्रीय विश्वविद्यालयक तेसर दीक्षांत समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ छात्र लोकनि सँ आह्वान कयलनि जे ओ अपन ज्ञानक उपयोग देशक समक्ष आबऽबला चुनौती के समाधानक लेल करथि। उपराष्ट्रपति वर्तमान युग के अमृतकाल जनबैत कहलनि जे भारत अपन युवा शक्ति के बदौलत वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित राष्ट्रक लक्ष्य के प्राप्त करत।

उपराष्ट्रपति छात्र लोकनि के नवाचार आ सेवा भावनाक संग नेतृत्व करबाक लेल प्रोत्साहित कयलनि। ओ विद्यार्थी लोकनि के राष्ट्रपिता महात्मा गांधी के सत्य, अहिंसा आ आत्मनिर्भरता जकाँ गांधीवादी मूल्य के आत्मसात करबा पर जोर देलनि। श्री राधाकृष्णन बिहार के ज्ञान आ विज्ञानक भूमि जनबैत कहलनि जे विगत दिन राज्य मे शिक्षाक क्षेत्र मे कतेको काज भेल अछि। जाहि मे नालंदा विश्वविद्यालय के पुनरूद्धार प्रमुख अछि। दीक्षांत समारोह मे उपराष्ट्रपति उत्कृष्ट प्रदर्शन करऽवला विद्यार्थी लोकनि के स्वर्ण पदक आ स्नातक आ स्नातकोत्तर तथा शोध उपाधि प्राप्त करऽवला विद्यार्थी लोकनि के डिग्री प्रदान कयलनि। समारो मे राज्यसभा के उपसभापति हरिवंश, राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ स्थानीय सांसद राधामोहन सिंह सेहो सम्मिलित भेलाह।

दीक्षांत समारोह मे सम्मिलित भेलाक बाद उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन पश्चिम चंपारण स्थित ऐतिहासिक भितिहरबा गांधी आश्रम पहुंचि कऽ महात्मा गांधी के विरासत के नमन कयलनि आ हुनका अपन श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नारी शक्ति वय वंदन अधिनियम के लेल सभ दल सँ समर्थन के अपील कयलनि अछि। श्री मोदी आइ तिरूवल्ला मे एनडीए के चुनाव प्रचार अभियानक अंतर्गत एक जनसभा के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे महिला सशक्तिकरण एनडीएक प्राथमिकता अछि आ एकर नीति सँ महिला लोकनि के सभ सँ बेसी लाभ भेल अछि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार आश्वस्त कयलक अछि जे देश मे पेट्रोल, डीजल आ एलपीजी के उपलब्धता सुनिश्चित करबाक सभ संभव प्रयास कऽ रहल अछि। सरकार नागरिक लोकनि के हड़बड़ मे पेट्रोल आ डीजल कीनबाक तथा एलपीजी के अनावश्यक बुकिंग सँ बचबाक सलाह देलनि अछि। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक सचिव सभ राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेशक अपर मुख्य सचिव आ प्रधान सचिव के संग ईंधन आपूर्ति के स्थितिक समीक्षा के लेल एक बैसक के अध्यक्षता कयलनि आ पर्याप्त उपलब्धता सुनिश्चित करबाक लेल उठाओल गेल उपाय के उल्लेख कयलनि। बैसक मे राज्यक एलपीजी वितरण के घरेलू आ आवश्यक जरूरत पर प्राथमिकता देबाक निर्देश देल गेल।

———————————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे सरकार भूमि विवाद सँ जुड़ल मामिला के कम करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। आइ मुंगेर मे भूमि सुधार जनकल्याण संवाद के संबोधित करैत ओ कहलनि जे एहि लेल सरकार मजगूत कार्य योजना के अंतर्गत काज कऽ रहल अछि। श्री सिन्हा कहलनि जे सरकारी भूमि पर अवैध रूप सँ कब्जा करऽवला लोक सभ पर कानूनी कार्रवाई कयल जायत।

———————————————————————————

प्रदेशक सभ आंगनबाड़ी केन्द्र भोरेहि साढे सात बजे सँ साढ़े एगारह बजे धरि संचालित होयत। बाल विकास परियोजना निदेशालय बढैत गर्मी के देखैत आंगनबाड़ी केन्द्र सभक समय मे परिवर्तन कयले अछि। ई आदेश बीस सितम्बर धरि प्रभावी रहत। ओतहि प्रदेशक सभ सरकारी स्कूल मे छओ अप्रील सँ नव समय सारणी लागू होयत। एकर अनुसार कक्षा भोरे साढ़े छओ बजे सँ दूपहर बारह बाजि कऽ बीस मिनट धरि संचालित कयल जायत।

———————————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक तुरकौलिया आ रघुनाथपुर थाना अंतर्गत विषैला शराब पीबा सँ मरऽवला के संख्या बढि कऽ छओ भऽ गेल अछि। एखनहुं कतेको गोटे के विभिन्न अस्पताल सभ मे इलाज चलि रहल अछि। एम्हर, एहि मामिला मे एक मृतक के परिजन तुरकौलिया थाना मे हत्याक मामिला दर्ज करौलनि अछि। मामिलाक जांचक लेल सदर एसडीपीओ के नेतृत्व मे गठित एसआईटी लगातार छापामारी कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

बांका जिलाक बेलहर थाना क्षेत्र मे एक तेज गति कार आ मोटरसाइकिल के बीच भेल टक्कर मे तीन गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि चारि आन गोटा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक मोतिहारी नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत हॉस्पीटल चौक के लऽग बसक चपेट मे अयला सँ एक छात्र के मृत्यु भऽ गेलनि। घटना सँ आक्रोशित लोक सभ सड़क जाम कऽ प्रदर्शन कयलनि। ओतहि, कटिहार जिलाक फलका थाना मे पुलिस हिरासत मे एक युवक के भेल मृत्यु सँ आक्रोशित लोक सभ फलका—कुरसेला स्टेट हाइवे के जामकऽ प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————————

मौसम विभाग कहलक अछि जे काल्हि सँ प्रदेशक बेसीतर क्षेत्र मे अन्धर, पानि आ ठनका खसबाक आशंका अछि। ओतहि छओ आ सात अप्रील के किछु जिला मे पाथर खसबाक सेहो संभावना अछि। एहि मध्य प्रदेशक तापमान मे वृद्धि देखल जा रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल